

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK  
JEWOGRAFI JENERAL**

Jedi 15 Jen 2017 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn Score pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

. . .Nan sa ki konsène rapò konkrè mwen yo sou sa ki pase nan lagè a, mwen bay tèt mwen kòm objektif pou m pa ekri premye istwa ki vin jwen mwen an e pou m pa kite santiman m gide m; kit mwen te prezante tèt mwen kòm moun kite viv evènman m dekri yo kit mwen te temwen yo ak je m, mwen te verifye yo ak anpil atansyon. Remake ke verite a pat fasil pou moun te dekouvri: chak moun ki te temwen yo rakonte menm evènman yo yon fason diferan, yo pale anfavè yon kan oswa lòt kan an oswa yo pa fin sonje tout detay. E li posib pou gen moun ki pa li istwa mwen an paske li pa gen yon aspè womantik ladan l. Sepandan, si moun ki ta renmen byen konprann evènman ki te pase yo twouve pawòl sa mwen ekri yo itil yo, m ap satisfè e ki (se konsa nati imen an ye) pral repete alavni yon fason oswa yon lòt. Travay mwen an pa yon èv pou satisfè gou piblik ki la kounye a, men mwen fè l pou li dire pou toutan. . .

—Thucydides:  
*History of the Peloponnesian War*

1 Nan pasaj sa a, Thucydides mete aksan sou ki sous li te itilize?

- (1) etik
- (2) etranje
- (3) prensipal
- (4) segondè

2 Selon Thucydides, kisa ki rann travay li antanke istoryen pi difisil?

- (1) pwoblèm memwa li
- (2) paspouki obsèvatè ki temwen yo
- (3) eleman womantik ki manke
- (4) anvè li genyen pou satisfè piblik ki la kounye a

3 Yo asosye sitiasyon kote kantite popilasyon yo depase limit ak

- (1) elevasyon ki plis pase 10,000 pye
- (2) rejyon ki gen anpil vejetasyon twopikal
- (3) zòn ki resevwa mwens pase 10 pous dlo lapli nan yon ane
- (4) aksè a sistèm navigasyon ak sistèm transpòtasyon yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4.

. . .Rezilta sa bay akòz yon egzistans sedantè sè ke li pèmèt youn anmagazinen manje ki anplis la, alòske stokaj la pat ap nesèsè si youn pat rete toupre pou veye sou rezèv manje a. Alòske, pafwa, chasè nomad yo te ka ranmase plis manje pase yo ka manje nan kèk jou, yon atitid konsa pap twò itil yo paske yo pa ka pwoteje l. Men rezèv manje a esansyèl pou yo nourri sila yo ki pa pwodui manje ditou yo e pou sipòte gwo kantite sa a. Kidonk, soyete nomad chasè-ramasè sa yo gen kèk espesyalis sèlman k ap travay aplentan oswa yo pa genyen ditou ki parèt nan sosyete sedantè etabli yo. . .

— Jared Diamond, *Guns, Germs, and Steel*


4 Ki gwo chanjman nan listwa yo asosye sere sere ak enfòmasyon ki prezante nan pasaj sa a?

- (1) adopsyon inovasyon Revolisyon Newolitik yo
- (2) gouvènman ki an plas la pèdi Manda Syèl la
- (3) devlopman zouti wòch
- (4) kapasite pou kontwole dife

5 Ki faktè jeyografik ki enfluyans devlopman eta-vil endepandan yo nan ansyen Lagrès?

- (1) sik mouson
- (2) anplasman twopikal
- (3) rivaj dous
- (4) wotè montay la

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 6.



Sous: Buddhist Education and Information Network online (adapte)

6 Selon enfòmasyon ki sou kat jewografi sa a, ki zòn ki reprezante fason Boudis la plis gaye nan zòn lès la soti depi lè li te kòmanse etann li?

- (1) Kore
- (2) Japon
- (3) Yong-gang
- (4) Changann

7 Ki wout komèsyal ki relye Anpi Bizanten an ak Kievan nan Larisi ak peyi Lachin?

- (1) Wout Swa
- (2) Lanmè Baltik
- (3) Oseyan Pasifik
- (4) Lanmè Jòn

8 Ki aspè ki se yon karakteristik nan sèvitid?

- (1) opsyon ekonomik limite
- (2) wo nivo sosyal
- (3) gwo enfliyans politik
- (4) sèvi antanke yon vanyan sòlda

9 Yo konsidere Kwazad yo kòm yon pwen detèminan nan listwa paske yo

- (1) kreye yon eta jwif pèmanan
- (2) pote yon bès nan komès Ewòp ansanm ak Azi a
- (3) kontribye nan tranzisyon soti nan Mwayennaj pou rive nan Larenesans
- (4) pote yon reyinifikasyon nan anpi women lwès ak lès yo

10 Pandan peryòd fewodal Tokugawa nan Japon an, kèk fòm ekspresyon kiltirèl tankou eku, fè amenajman fè ak jadinaj wòch reflete gwo enfliyans

- (1) Zen Boudis
- (2) Endouyis
- (3) Dawoyis
- (4) Krisyanis

11 Ki kontinan pifò ladan l te vin anba enfliyans ak règ Mongòl yo?

- (1) Lafrik
- (2) Ewòp
- (3) Azi
- (4) Amerik disid

12 Nan 13zyèm syèk la, vil Venice, Nanjing ak Calicut te sèvi sant kòm sant enpòtan pou

- (1) ekstraksyon lò
- (2) pelerinaj relijye
- (3) demokrasi
- (4) komès

13 Yo konsidere desizyon pou mete fen nan vwayaj Zheng He a kòm yon pwèn enpòtan nan listwa Ming China paske aksyon sa a

- (1) pote yon chanjman ki tounen vè tradisyon lokal yo
- (2) ankouraje Lachin kolonize Lafrik ak Azi disid
- (3) fòse anperè a abandone
- (4) lakòz dinasti a rejte konsèp konfisyenis lan

14 Ki teknoloji, ki devlope pou lapremyè fwa an Chin, ki pèmèt Anpi Ottoman an etann li nan lwès Azi, Ewòp ak nan nò Lafrik?

- (1) poud pou zam
- (2) enpresyon anbwa
- (3) bourèt
- (4) bousòl mayetik

15 Ki karakteristik jeyografik ki te gen pi gwo enfliyans sou devlopman pre-kolonbyen an nan Anpi Enka?

- (1) Penensil Yucatan
- (2) Lanmè Karayib
- (3) Oseyan Atlantik
- (4) Montay Andes

16 Ki pi gwo rezilta politik mèkantilis ewopeyen an nan Amerik Latin nan?

- (1) ogmantasyon kondisyon sosyal pèp endijèn yo
- (2) ewopeyen eksplwate travayè ak resous natirèl yo
- (3) diminisyon pouvwa monak ewopeyen yo
- (4) reenvestisman pwofi yo nan avantaj ekonomi lokal koloni an

17 Nan kòmansman 18tyèm syèk la, Peter Le Gran konkeri teritwa bò lanmè Lasyèd la paske li te vle

- (1) jwenn yon pò ki gen yon aksè ki mennen fasilman nan lwès Ewòp
- (2) elimine sistèm fewodal la nan kontinan ewopeyen an
- (3) gaye ansèyman Legliz Otodòks Ris yo
- (4) ogmante kontwòl Larisi sou Sibéri

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 18.

Nou menm ki renmen li, nan travay sa a, yo fèk kreye epi pibliye a, w ap jwenn mouvman zetwal fiks yo ansanm ak planèt yo, yo te refè [rekonstwi] mouvman sa yo sou baz obsèvasyon ki fèt ansanm ansyen yo, e anplis de sa, yo anbeli yo ak yon seri bèl ipotèz tounèf. W ap jwenn yon seri tablo ki trè pratik, kote w ap ka kalkile mouvman yo trè fasilman nenpòt ki lè. Kidonk, achte, li epi pwofite [travay sa a].

*Pa kite pesonn ki pa resevwa fòmasyon nan jeyometri antre isit la.*

— Nicholas Copernicus of Toruń,  
*Six Books on the Revolutions of the Heavenly Spheres*

18 Nan pasaj sa a, Copernicus fè konnen li akonpli travay li

- (1) san ansèyman sosyete ansyen yo
- (2) lè li konbine ansyen ak nouvo obsèvasyon yo
- (3) lè li kesyone prensip ki nan metòd syantifik yo
- (4) lè li refize enpòtans jeyometri genyen

19 Ki kesyon ki souleve nan yon etid ki fèt sou Rèy latèrè Robespierre nan Lafrans ak wa Leopold nan peyi Kongo?

- (1) ibanizasyon
- (2) degradasyon anviwònman
- (3) dwa moun
- (4) rezistans kolonyal

20 Pandan 19yèm syèk la nan Amerik Latin nan, Legliz Katolik ak lame te sipòte an jeneral enterè

- (1) pwopriyete tè rich yo
- (2) peyizan ki pa posede tè
- (3) refòmasyon demokratik yo
- (4) pèp endijèn yo

Sèvi ak deklarasyon ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

*Oratè A:* Konpayi British East India pa respekte kwayans mwen yo. Mwen pa kapab swiv dama epi pou mwen toujou sòlda yo. M ap retounen jwenn fanmi mwen nan yon vilaj Tamil. Nou tout ap deplase pou nou ale Ceylon, n ap travay sou plantasyon te yo.

*Oratè B:* Konpatiyòt rebèl mwen yo pa kapab aksepté nouvo relijyon mwen an se poutèt sa yo rayi m e yo rayi zanmi “demon etranje” mwen yo. Misyonè yo ap kite Beijing demen pou ale ann Angletè. Mwen dwe fè yon sèl ak yo anvan yo antoure lakou legliz la.

*Oratè C:* Sòlda za yo vini ankò jodi a, yo piye vilaj nou an, yo ale avèk betay nou yo, epitou yo te pyetine nenpòt moun ki te sou pasaj yo. Yo menm boule plas pou nou adore a. Mòdvi nou fini. Moman an rive pou emigre nan Palestin.

*Oratè D:* OttomanTik yo pap ban nou libète nou an. Larisi konfiske tè nou yo apre lagè a. N ap mouri nan goumen pou peyi nou an, legliz nou epi fason n ap viv. Mwen te rezève kèk plas pou Lamerik kote fanmi mwen ap ka wè nouvo syèk la.

21 Ki pwoblèm ki se fondman diskisyon oratè yo?

- (1) lagè sivil
- (2) povrete iben
- (3) pèsèkisyon relijye
- (4) manke resous

22 Ki oratè ki plis reyaji nan Rebelyon Boxer?

- (1) A
  - (2) B
  - (3) C
  - (4) D
- 

23 “Konferans pou lapè ki te fèt Hague la pa pote rezilta nan kesyon rediksyon zam yo” — 1907

“Kanonye alman menase rezèv Lafrans yo nan Mawòk” — 1911

“Rasanbleman naval alman ak britanik yo ogmante tansyon an” — 1912

Kiyès nan prèv sa yo ki kapab parèt kòm prèv solid ki sipòte Premye Gè Mondyal la?

- (1) militè
- (2) alyans
- (3) teworis
- (4) iltimatòm

24 Ogmantasyon mouvman fachis la ann Ewòp pandan ane 1930 yo gen rapò dirèk ak

- (1) pini yo pa pini moun ki responsab pou “krim kont limanite yo”
- (2) ogmantasyon komès mondyal la apre Premye Gè Mondyal
- (3) ogmantasyon gouvènman otoritè yo nan Amerik Latin nan
- (4) enstabilite depresyon mondyal la lakòz

Sèvi ak ekstrè jiridik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.

### Atik 1

Pwopriyetè yon antrepriz jwif endistriyèl (Twayèm Règleman dapre Lwa Reich sou Sitwayènte nan dat 14 jen 1938 la, RGBI I 627) dwe te bay lòd pou vann oswa likide antrepriz la nan yon tan byen presi. Dwe gen kèk kondisyon ki ekri [espesifye] nan kòmand lan. . .

### Atik 7

1. Jwif pa kapab legalman posede byen imobilye ak ipotèk. . . .

25 Lwa sa yo pale de politik yon gouvènman

- (1) sansi
  - (2) ekstrateryoryal
  - (3) diskriminasyon
  - (4) lesefè
-

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 26.

**“YO DI YO PAP KA RETE ANKÒ”**



Sous: Vaughn Shoemaker, 1939 A.D.,  
Chicago Daily News (adapte)

26 Kisa ide prensipal desen sa a ye?

- (1) Fòs natirèl yo ka deranje planifikasyon yon moun.
- (2) Ou ka pase sou diferans ki gen ant sezon yo.
- (3) Pò ki pote dlo cho yo esansyèl pou lavi.
- (4) Kat ki pa fyab yo ka gen konsekans negatif.

27 Ki faktè ki pi enfliyanse efò japonè yo te fè pou yo etann yo nan ane 1930 yo ak ane 1940 yo?

- (1) batay ak Larisi pou teritwa
- (2) ti kantite resous endistriyèl sou zile Japon yo
- (3) revanj poutèt yo te bonbade Tokyo
- (4) anvi pou reklame teritwa ki te pou Japon anvan sa

28 Yo pi souvan fè referans ak nasyon, tankou Ongri, ki te domine pa Inyon Sovyetik apre Dezyèm Gè Mondyal la kòm

- |             |           |
|-------------|-----------|
| (1) distri  | (3) manda |
| (2) satelit | (4) katèl |

29 Kanal Panama a ak Kanal Syèz yo se pwen estratejik nan kesyon dlo paske yo sèvi kòm

- (1) sous kouran idwoelektrik
- (2) baryè kont enperyalis
- (3) wout ki mennen nan lòt zòn
- (4) rezèvwa pou irigasyon

30 Yon konparezon ant plan senk (5) ane Joseph Stalin yo ak filozofi Gran Pa an Avan Mao Zedong nan ta dwe montre ke tou de lidè yo

- (1) te ankouraje dwa moun ak libète
- (2) te aplike kèk aspè nan sistèm kapitalis
- (3) te sipòte patisipasyon antreprenè ki rich yo nan ekonomi an
- (4) te konsantre sou ogmantasyon pwodiksyon endistriyèl ak agrikòl la

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.


. . . Alòske Revolisyon Vèt la nan ane 1960 ak 1970 yo te ankouraje pwodiksyon anmas epitou rann peyi End endepandan nan kesyon manje, depans nan anviwònman an ak nan sosyal yo tou te tèt chaje. Nan Punjab, kote Revolisyon Vèt la te bay plis rezilta, yon lavalas dlo te bwote sistèm irigasyon an angwo kantite ansanm ak gwo kantite nitrat ki soti nan angrè sentetik la te lave tè a epi souye dlo a. Pwodiksyon sereyal la bese kounye a. Yo itilize anpil pestisid nan peyi End, sa ki lakòz gen yon gwo kantite pestisid ki nan tout kalite manje yo.

— Mira Kamdar, “India’s Agrarian Crisis: An Urgent Opportunity,” December 8, 2006

31 Pasaj sa a sijere ke sereyal yo pwodui nan Revolisyon Vèt la te diminye akòz enpak

- (1) domaj sou anviwònman an
- (2) investisman nan transpò
- (3) ogmantasyon popilasyon an
- (4) delokalizasyon

Baze sou desen desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.



Sous: Henry Payne, *Catskill Daily Mail*, May 31, 1994 (adapte)

32 Ki politik yo te elimine nan Lafrik Disid akòz aksyon sa yo ke yo montre nan desen sa a?

- (1) non-aliyman
- (2) apated
- (3) multikiltirèl
- (4) militaris

33 Ki deklarasyon sou Amerik Latin nan 20yèm syèk la ki plis yon opinyon olye de yon reyalyte?

- (1) Yon revolisyon ke Fidel Castro t ap dirije ki te etabli gouvènman kominis nan Kiba.
- (2) Etazini te ede Contras nan peyi Nikaragwa nan lagè ki te mete l fas ak Sandinis yo.
- (3) Rejim diktati militè a amelyore establibite nasyon yo nan Amerik Latin nan.
- (4) Plizyè milye opozan politik ajanten disparèt nan ane 1970 yo.

34 Sistèm ekonomik nan peyi Nijerya te konte sou endistri petwòl la pou kreye travay. Lè pri petwòl la tonbe sou mache mondyal la, ekonomi yo a tonbe plat atè sa ki lakòz pwoblèm sa a se sitou

- (1) entèdepandans mondyal la
- (2) endepandans
- (3) sipopilasyon
- (4) enstabilite politik

Sèvi ak desen ki anba la ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35.



Sous: KAL, *Baltimore Sun*

35 Kisa ide prensipal desen sa a ye?

- (1) Pwopagasyon nikleyè ap kontinye menase monn lan.
- (2) Chak moun wè valè atistik yo yon fason.
- (3) Pifò nasyon gentan bliye konsekans Hiroshima.
- (4) Manm nan Ajans Enèji Atomik Entènasyonal la ap sipòte yon estrateji defansif.

36 Yon fason Anperè Meiji, Kemal Atatürk, ak Shah Reza Pahlavi sanble sèke yo chak sipòte yon politik

- |             |                       |
|-------------|-----------------------|
| (1) apezman | (3) sifraj inivèsèl   |
| (2) detant  | (4) oksidantalizasyon |

37 Ki sistèm ekonomik ki karakterize pa demann ak ekipman, kapital investisman, ak konpetisyon?

- |            |                   |
|------------|-------------------|
| (1) twòk   | (3) manoryalis    |
| (2) kòmman | (4) antrepriz lib |

38 Espanyòl se lang prensipal anpil kote nan Amerik Santral ak Amerik di Sid, api fransè se yon lang prensipal Afrik de Lwès. Kisa ki lakòz yo pale lang sa yo nan zòn sa yo?

- (1) espesyalizasyon zòn nan
- (2) rejim kolonyal
- (3) modènizasyon
- (4) divizyon etnik



Sèvi ak tablo ki ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal ak konesans ou nan etid sosyal pou reponn kesyon 39.

**Pousantaj plas ke fi yo okipe nan palman  
(palman yon sèl chanm oswa chanm bas sèlman), \*1990–2005**

<b>Rejyon ki sou wout devlopman</b>	<b>1990</b>	<b>1997</b>	<b>2005</b>
Afrik di Nò	2.6	1.8	8.5
Afrik Sib-Saharyen	7.2	9.0	14.2
Amerik Latin ak Karayib la	11.9	12.4	19.0
Azi de Lès	20.2	19.3	19.4
Azi di Sid	5.7	5.9	8.3
Azi di Sid-Ès	10.4	10.8	15.5
Azi de Lwès	4.6	3.0	5.0
Oseyani	1.2	1.6	3.0

\*Enfòmasyon ki disponib chak 1ye janvyè.

Sous: United Nations Statistic Division, "World and Regional Trends," Millennium Indicators Database, (accessed June 2005) based on data provided by the Inter-Parliamentary Union

39 Ki efò ki ta gen plis chans akselere pwogresyon tandans jeneral la yo montre nan tablo sa a

- |   |  |
|---|--|
| (1) ogmantasyon pousantaj timoun ki fèt | (3) amelyorasyon edikasyon pou fanm yo   |
| (2) agrandi pwodiksyon agrikòl la       | (4) desann yo desann laj yon fi ka marye |

- 40 • Yon karavàn vwayaje toupatou nan dezè a.  
• Valè lò a tonbe nan vil Kè.  
• Anperè a ap adore nan Mèk (Mecca).

Ki evènman nan listwa afriken an ki asosye avèk deklarasyon sa yo?

- (1) Lè Alexander te konkeri peyi Lejip
- (2) Hajj Mansa Musa a
- (3) Etablisman komès triyang atlantik la ann Ewòp
- (4) Rezistans Zulu kont kolonizasyon Britanik

- 41 Pandan Renesans lan, wòl moun ansanm ak egzamen klasik laten ak grèk yo, filozofi moral, ak istwa asosye ak

- (1) otodetèminasyon nasyonal
- (2) predestinasyon
- (3) monachis
- (4) limanis

- 42 • Senk Relasyon  
• Kòd Chevalri  
• Bushido


Yon resanblans ki gen ant tèm sa yo sèke yo tout

- (1) reprezante lide kle nan filozofi ekonomik yo
- (2) prevwa transfè machandiz ak sèvis
- (3) transmèt règleman sou konpòtman ki akseptab nan yon sosyete
- (4) pwomosyon mobilite sosyal

- 43 Yon fason Christopher Columbus, Galileo Galilei, ak Charles Darwin yo sanble sèke yo chak

- (1) te kesyone enperyalis ewopeyen
- (2) te sipòte Reconquista a
- (3) te konteste opinyon piblik la
- (4) te devlope nouvo teknoloji navigasyon

Sèvi ak imaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 ak 45.



Sous: Philip Dorf, *Our Early Heritage*, Oxford Book Company

44 Ki kalite gouvènman imaj sa pi byen reprezante?

- (1) monachi absoli
- (2) monachi palmantè
- (3) jent militè
- (4) diktati kominis

45 Ki dirijan ou t ap asosye ak imaj sa a?

- (1) Mikhail Gorbachev
- (2) Benito Mussolini
- (3) Louis XIV
- (4) Neville Chamberlain

Sèvi ak atik ki soti nan trete sa yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 ak 47.

### . . . ATIK VII

Yo te dakò ke bato peyi Etazini ka ale nan pò ki ouvè pou yo, dwe pèmèt fè echanj lò ak pyès monnen ann ajan ak atik nan machandiz pou lòt atik nan machandiz dapre règleman tankou sa yo pou yon ti tan jan gouvènman japonè a etabli sa. Yo deklare [espesifye], sepandan bato yo nan peyi Etazini yo dwe gen otorizasyon pou transpòte nenpòt ki atik yo vle fè echanj. . .

### ATIK IX

Yo te dakò, ke si, nenpòt ki jou alavni, gouvènman peyi Japon an ta akòde nenpòt lòt nasyon oswa plizyè nasyon privilèj ak avantaj ki pa nan akòde sa a li gen ak Etazini ak sitwayen l yo, alòs l ap gen pou li akòde menm privilèj ak menm avantaj sa yo bay peyi Etazini ak sitwayen l yo san negosyasyon oswa san pèdi tan. . .

— Treaty of Kanagawa, March 31, 1854

46 Atik ki soti nan trete sa yo reflekte aklè entansyon peyi Etazini pou


- (1) detwi kilti japonè
- (2) fè pwomosyon kilti japonè
- (3) ranfòse santiman nasyonalis japonè
- (4) enfliyanse relasyon komès japonè a

47 Ki evènman nan istwa peyi Japon ki te lakòz gouvènman Japonè a siyen trete sa a?

- (1) defèt Tokugawa shogunate
- (2) patisipasyon l nan Lagè Risi-Japon an
- (3) atachman ak peyi Kore a
- (4) kreyasyon Manchukuo

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 48 ak 49.

**Vil ann Ewòp ki gen pase 100,000 moun oswa plis**



Sous: John P. McKay et al., *A History of World Societies: Volume II Since 1500*, Houghton Mifflin (adapte)

48 Ant 1800 ak 1900, ki de (2) peyi ki te viv pi gwo akwasman yon seri de vil ki te gen 100,000 moun oswa plis?

- (1) Larisi ak Lafrans
- (2) Grann Bretay ak Almay
- (3) Itali ak Espay
- (4) Pòtigal ak Dànmak

49 Ki evènman istorik ki te enfliyanse dirèkteman chanjman yo montre sou kat sa yo ann Ewòp?

- (1) Revolisyon Piriten
- (2) Kongrè Vyèn nan
- (3) Defèt Anpi Ottoman
- (4) Revolisyon Endistriyèl

50 **“Manifestasyon politik ki ap mande Lapè, Tè, ak Pen”**  
**“Bolshevik yo Anpeche Rezistans lan”**  
**“Lenin Ankouraje Nouvo Politik Ekonomik”**

Ki evènman ki pi mache ak avèk tit sa yo?

- (1) Lagè Fwad
- (2) Soulèvman Ris yo
- (3) Gwo Grangou nan peyi Ikrèn
- (4) Revolisyon Ris

**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Nasyonalis—Endividyalis**

Toutolon listwa, moun yo te pran anpil desizyon yon fason pou ankouraje nasyonalis. Nasyonalis lakòz moun vin fyè de kilti yo a epitou li fè moun retire tèt yo anba lwa etranje yo. Efò sa yo te rankontre avèk plizyè kalite degre siksè.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** moun ki te angaje yo nan konba pou nasyonalis la e pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz moun sa a mennen konba pou nasyonalis sa a
- Diskite fason moun sa a te eseye ankouraje nasyonalis
- Diskite fason efò moun sa a te pou ankouraje nasyonalis la te pote bon rezilta

Ou ka itilize nenpòt moun nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Ou ka itilize kèk sijesyon tankou Elizabeth I, Toussaint Louverture, Simón Bolívar, Camillo Cavour, Otto von Bismarck, Sun Yat-Sen (Sun Yixian), Mohandas Gandhi, Kwame Nkrumah, Ho Chi Minh, ak Ayatollah Khomeini.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Pa itilize yon moun nan Etazini nan repons ou a.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

## Kontèks Istorik:

Tèks ekri yo souvan eksprime ide kòm reyaksyon parapò ak pwoblèm ki nan yon sosyete. *Katrevenkenz Tèz* yo, *Rapò Sadler* a, ak *Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun Nasyonzini* yo te pibliye yon fason pou atire atansyon sou pwoblèm sosyete a epi pote chanjman. Gen kèk nan tèks ekri sa yo ki te enfluyanse chanjman alontèm alòske gen lòt yo te pote chanjman tou piti.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** tèks ekri ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te mennen nan tèks ki ekri a
- Eksplike objektif prensipal tèks sa
- Diskite fason tèks ekri sa a te pote chanjman

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp ak fason oswa fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

Nan konmansman 16yèm syèk la, Legliz medyeval ak tout sa li reprezante, antre nan yon peryòd kriz ki pwofon. Nan moman sa a, Legliz la te prèske gen kenz syèk depi li te egziste. Nan tout istwa li, Legliz la te toujou ap fas ak pwoblèm ni nan nivo òganizasyon li ni deyò. Men an 1500, pwoblèm sa yo te vin fè sifas yon lòt fwa e Legliz la sekwe jis nan fondasyon li. . .

Yon lòt pwoblèm nan peryòd la te gen rapò ak komèsan yo, bankye ak atizan nan pi gwo vil ak katye Ewòp yo ki te gen pwoblèm paske yo te santi evèk legliz lokal yo te gen kontwòl tout aktivite komèsyal ak ekonomik yo. Malgre kapitalis antanke yon modèl òganizasyon ekonomik pat ko enfiltre ann Ewòp, pwodiktè ak kreyansye sa yo te konnen ke yo ap ka gen plis lajan ak plis pouvwa sèlman si lavi yo pa anba kontwòl Legliz la. Yon fwa ankò, mwen panse ke sa nou ap viv isit la se devlopman yon konsepsyon layik sou travay ak akizasyon. Yon lòt pwoblèm Legliz la t ap fè fas nan 16zyèm la sèke te gen anpil refòmasyon ki te pran lari pou kritike Legliz la pou anpil deriv li te fè. Prèt marye yo te gen fi sou kote, yo te konn achte epi vann ofis relijye yo pou plis lajan, enkonpetans klèje a te parèt aklè devan je tout moun, kongregasyon nan vil ak katye ki gen anpil anpil moun yo ekspoze konduit immoral klèje legliz la. Tou sa se pou nou di, pwoblèm nan se te koripsyon. . .

Sous: Steven Kreis, The History Guide, "Lectures on Early Modern European History," Revised August 4, 2009

1 Selon Steven Kreis, pou ki **de (2)** rezon yo te kritike Legliz Katolik Women an nan kòmansman 16yèm syèk la? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 2

Sa se se yon pasaj nan Katrevenkenz Tèz yo.

**Diskisyon [agiman] Doktè Martin Luther sou Pouvwa ak  
Efikasite [efikasite] Endiljans, 31 Oktòb 1517**

- ... 21. Se poutèt sa predikatè k ap preche tolerans yo nan erè, yo t ap di grasa tolerans Pap la yon moun ap libere anba peche l epi jwenn lavi; ...
27. Yo ap preche moun [doktrin lèzòm] ki di menm jan yon santim glise desanm nan bwat kòb la, se konsa nanm nan pati kite [pigatwa]. ...
36. Chak kretyen ki repanti toutbonvre ap jwenn padon pou tout peche ak fot li yo, menm san lèt padon.
37. Chak vrè kretyen, kit li vivan oswa mouri, gen plas yo nan benediksyon Kris la Legliz la; e sa se yon garanti Bondye bay san li pa bezwen lèt padon. ...

Sous: Martin Luther, *Works of Martin Luther with Introductions and Notes, Volume I*,  
A.J. Holman Company, 1915 (adapte)

2 Ki sa Martin Luther te vle reyalize ak Katrevenkenz Tèz li yo? [1]

Score

### Dokiman 3

. . . Pi gwo rezilta epòk refòm nan se kontribisyon li nan rann politik, kilti, ak panse ewopeyen an popilè. Nan yon ti tan tou kout, aparisyon mouvman pwotèstan vin entansifye santiman relijye epi vin bay larelijyon valè li nan lavi Ewopeyen yo. Apre anpil batay legliz katolik mennen ak protèstan yo, kòm rezilta, li vin reprann wout esprityèl li ak vitalite l. Alontèm, sepandan, konpetisyon ki genyen nan kwayans yo divize epi afebli legliz ann Ewòp yo, epitou pakèt ane entolerans relijye k ap kontinye [ki pa fini] sa yo ansanm ak lagè te fè larelijyon pèdi valè nan je anpil moun. Lefètke yo aksepte divèsite relijyon tikras pa tikras nan eta endepandan yo ak nan tout Ewòp la se yon siy ki montre ke yo pa pran larelijyon oserye. Yon lòt bò [kontrèman], gwo van epòk pasyon relijye a te minen wòl larelijyon nan lavi ewopeyen yo ansanm ak panse yo. . . .

Sous: Andrea and Overfield, *The Human Record: Sources of Global History, Volume II: Since 1500*, Houghton Mifflin Company, 2001

3a Selon Andrea ak Overfield, ki **yon** chanjman *kout alontèm* ki te fèt ann Ewòp ki se rezilta Refòm Pwotestan? [1]

---

---

Score

b Selon Andrea ak Overfield, ki **yon** chanjman *alontèm* ki te fèt ann Ewòp ki se rezilta Refòm Pwotestan? [1]

---

---

Score



## Dokiman 4

Dr. Charles Turner Thackrah ak Richard Oastler te pran latèt sipòtè refòm faktori britanik la.

. . . Kounyeya, Thackrah ak liv li a [sou maladi pwofesyonèl] te mobilize nan kanpay pou kontinye amelyore kondisyon moun k ap travay nan faktori yo. Tank mouvman pou refòm nan faktori yo t ap vale teren, li te vin evidan ke travay timoun yo te vin fè yon sèl ak pa granmoun yo. Kòm rezilta, yo te vin mete sou pye yon jounen travay rezonab pou timoun yo menm jan sa ye nan reglemantasyon granmoun yo. Nan mwa Avril 1831, Oastler fè soti yon manifès *Pou Klas Ouvriye yo ki nan West Riding nan* kote li fè konnen objektif klè li genyen pou li redui jounen travay la a 10 èdtan, epi I mete yon mouvman anbranl ki te gen gwo [anpil anpil] konsekans sou politik sosyal britanik lan. . .

Sous: George Rosen, "Charles Turner Thackrah in the Agitation for Factory Reform,"  
*British Journal of Industrial Medicine*

4 Selon George Rosen, ki **yon** refòm faktori britanik Charles Turner Thackrah ak Richard Oastler t ap goumen pou li nan 1830 yo? [1]

---

---

Score

## Dokiman 5

Pasaj ki soti nan Rapò Sadler a: Thomas Bennett, yon paran travayè timoun yo, temwaye devan Michael Sadler ak Chanm depite a nan dat 18 Me 1832.

*Sadler:* Kote timoun k ap travay anba otorite w yo?

*Bennett:* Wi, de nan yo.

*Sadler:* Di ki efè sa genyen sou timoun ou yo.

*Bennett:* Yon maten, nan lè yo te dwe leve a, yo te tèlman nan fon somèy ke mwen te oblije monte eskalye a epi leve do yo nan kabann, epi m tande yo k ap rele byen fò, sa te touche m antanke paran; sa te afekte m anpil.

*Sadler:* Kòman pou yo pa ta fatige apre yon jounen travay di konsa?

*Bennett:* Wi; anpil fwa mwen te wè men yo k ap bouje pandan y ap sekwe tèt yo, yo ap kabicha; yo t ap travay yon fason prèske mekanikman.

*Sadler:* Malgre dòmi te nan je yo, yo t ap goumen avè l pou yo te ka travay?

*Bennett:* Wi; e yo pat jwenn woulèt la epi gate moso twal la, lè sa a nou te oblije bat yo pou li.

*Sadler:* Èske yo t ap ka fè travay sa yo apre yon jounen travay di konsa, si nou pat ba yo baton [pini] yo?

*Bennett:* Non.

*Sadler:* Ou pa kwè yo te ka kanpe sou de pye yo oswa travay pandan disèt èdtan san ou pa ba yo baton?

*Bennett:* Non.

*Sadler:* Ki efè ou panse sa genyen sou timoun ou yo nan fen jounen travay yo a?

*Bennett:* Nan fen jounen travay, lè yo rantre lakay, olye pou yo pran pwovizyon [manje] yo, yo te tonbe dòmi avèk li nan men yo; epi pafwa lè nou voye yo nan kabann yo ak yon ti moso pen nan men yo oswa yon lòt bagay pou yo manje, mwen te jwenn li nan kabann nan denmen maten. . . .

Sous: The Sadler Report: Report from the Committee on the "Bill to Regulate the Labour of Children in the Mills and "Factories of the United Kingdom:" with the Minutes of Evidence, House of Commons, 1832 (adapte)

5 Sou baz prèv ou jwenn nan pasaj nan Rapò Sadler a, kisa Chanm depite a t ap chèche aprann nan temwayaj yon moun tankou Thomas Bennett? [1]

Score

## Dokiman 6

Nan peryòd apre piblikasyon Rapò Sadler a nan ane 1833, Palman an te adopte yon kantite lwa refòm.

### Yon kalandriye sou Lwa Refòm Palmantè

**1833**—*Lwa sou Faktori*. Lwa sa a, se yon lwa gouvènman Whig la te adopte pou eseye regularize kantite lè fanm ak timoun fè ap travay. Li pat bon ditou, men se te yon etap gouvènman te franchi pou mete kondisyon travay yo sou kontwòl. . . .

**1844**—*Lwa sou Faktori* sa a te valab sèlman pou faktori twal e li te ranplase Lwa sou Faktori 1833. Li te di ke fanm ak jèn moun (13–18) yo pa dwe travay plis pase 12 èdtan nan yon jou; timoun ki poko gen 13 an yo pa dwe travay plis pase 6 1/2 èdtan nan yon jou e timoun ki poko gen 8 an pa dwe travay. . . .

**1847**—*Lwa sou Faktori*. Gen yon lòt tèks lejislatif ke gouvènman Whig la te adopte, Lwa yo rele ‘10-Hour Act’ (Lwa 10è a) di ke fanm ak timoun ki gen ant 13 ak 18 an ka travay dizèdtan omaksimòm pa jou oswa 58 edtan nan yon semèn. Kantite tan pou moun travay la pat defini e ‘relèv’ la oswa sistèm woulman te rete. Kantite tan pou yon gason travay la te rete entak. . . .

Sous: Marjie Bloy, *The Victorian Web: literature, history, and culture in the age of Victoria*

6 Sou baz dokiman sa a, ki **yon** fason Lwa sou Faktori Palman an te adopte yo te eseye abòde pwoblèm ki gen rapò ak fanm ak timoun k ap travay nan faktori yo? [1]

---

---

Score

## Dokiman 7

. . .Konsèp dwa moun nan te vin pi popilè apre Dezyèm Gè Mondyal la. Rejim Nazi peyi Almay la te ekstèmine plis pase sis milyon jwif, senti ak womani (tsigan), omoseksyèl, ak moun andikape te choke mond nan. Jijman te fèt nan Nuremberg ak nan Tokyo apre Dezyèm Gè Mondyal la, e gen otorite nan kèk peyi yo te pini poutèt yo te komèt krim lagè, “krim kont lapè,” ak “krim kont limanite.”

Lè sa a, gouvènman yo pran angajman pou mete Nasyonzini sou pye, avèk objektif presipal pou ranfòse lapè nan lemond epi evite konfli. Yo te vle asire yo ogranjamè yo pap janm retire lavi, libète, manje,abri, ak nasyonalite yon moun enjisteman. Moun te vin pi byen konprann ide fondamantal nouvo prensip sou dwa moun an 1941 lè Prezidan Franklin Delano Roosevelt te pran lapawòl devan Eta Inyon an lè li te pale de yon mond fonde sou kat libète esansyèl: libète lapawòl, libète relijyon, libète pou vle ak kont laperèz. Apèl yo te soti tout kote nan mond lan pou nòmalize dwa moun pou pwoteje sitwayen yo anba abi gouvènman yo, pou evite ke nasyon yo vin responsab pou tretman moun k ap viv nan peyi yo a. Vwa sa yo te jwe yon wòl enpòtan nan reyinyon ki te fèt San Francisco a kote yo te fè trete Nasyonzini an an 1945. . . .

Sous: Nancy Flowers, ed., “A Short History of Human Rights,”  
*Human Rights Here and Now: Celebrating the Universal Declaration of Human Rights*, 1999 (adapte)

- 7 Sou baz pasaj ou jwenn nan “A Short History of Human Rights,” bay **yon** vyolasyon dwa moun ki vin bay Nasyonzini. [1]

---

---

Score

## Dokiman 8

### PREYANBIL

Lè nou konsidere ke rekonesans diyite ki nan nannan tout moun ak dwa egal ak ego pou tout manm nan fanmi lèzòm se fondasyon libète, jistis ak kè poze nan mond lan,

Lè nou konsidere ke te mank respè ak mepri pou dwa moun se rezilta zak barbari ki te imilye konsyans limanite, ak avènman yon mond kote chak èt vivan dwe jwi libète lapawòl ak kwayans yo epi libète soti nan pè epi ou vle ki te pwoklame kòm pi gwo aspirasyon tout moun, . . .

Kounye a, se poutèt sa Asanble Jeneral la pwoklame Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun sa a kòm yon nòm komen nan siksè pou tout pèp ak tout nasyon, yon fason pou chak moun ak chak ògàn nan sosyete a, toujou kenbe Deklarasyon sa a nan lespri yo, yo dwe fè efò pou ansèyman ak edikasyon ankouraje respè pou dwa ak libète sa yo e pa mwayen yon seri mezi pwogresis, nasyonal ak entènasyonal, asire rekonesans ak itilite inivèsèl yo ak obsèvan yo, kit se nan mitan moun ki nan Eta Manb yo ak moun ki rete nan teritwa ki anba jiridiksyon yo. . . .

Sous: The Universal Declaration of Human Rights, United Nations online (adapte)

8 Sou baz sa ki nan Preyanbil la, ki sa Asanble Jeneral Nasyonzini swete reyalize nan adopsyon Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun? [1]

---

---

Score

**KONFERANS DEBA SOU KREYASYON TRIBINAL KONT KRIM LAGÈ**  
WÒM, 14 Jen — Nan kad youn nan pi wo tantativ ki fèt pou etann règleman lwa entènasyonal la, Nasyonzini pral ouvè yon konferans deba isit la nan jounen lendi a pou diskite sou règleman pou yon tribinal entènasyonal ta jije krim kont limanite yo.  
Alessandra Stanley, 15 jen 1998, [www.nytimes.com](http://www.nytimes.com)

**TRIBUNAL LA KONDANE 3 NAN JENOSID WANNDÀ 1994**  
AWOUCHA, Tannzani, 3 Des — Nan premye pwosè yo fè depi pwosè Nyoubènbe a, yon tribinal entènasyonal te pran plas isit la nan jounen mèkredi pou kondane twa wanndè pou jenosit selon sa medya yo rapòte ki te touye anviwon 800 000 wanndè pandan plizyè mwa an 1994, pifò soti nan minorite Tutsi a.  
Sharon LaFraniere, 4 desanm 2003, [www.nytimes.com](http://www.nytimes.com)

**Tribinal Mondyal pou Envestige sou Vyolans kont Dafou**  
LA HAYE, 6 Jen — Pwokirè Tribinal Penal Entènasyonal yo anonse lendi ke yo pral ouvè yon ankèt kont krim lagè nan peyi Soudan, yo ouvri pòt pou resevwa akizasyon ak manda pou sila yo yo konsidere kòm prensipal responsab pou vyolans rasyal sa a ak gwo grangou sa a ki te detwi plizyè santèn vilaj nan Dafou.  
Marlise Simons, 7 jen 2005, [www.nytimes.com](http://www.nytimes.com)

**Yon arestasyon k ap ede Tribinal k ap Pousuiv Krim Lagè yo**  
Arestasyon Radovan Karadzic, ki fèt lendi a, bay kredibilite tribinal entènasyonal kont krim lagè yo bezwen anpil k ap goumen pandan lontan pou mare fijitif yo pot bay lajistis, selon sa kèk ansyen jij, ekspè nan zafè lalwa ak gwoup k ap defann dwa moun.  
David Rohde ak Marc Lacey, 23 jiyè 2008, [www.nytimes.com](http://www.nytimes.com)

9 Sou baz pasaj jounal *New York Times* sa yo, ki **de (2)** aksyon kominote entènasyonal la te pran pou abode kesyon vyolasyon dwa moun nan? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanj ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Tèks ekri yo souvan eksprime ide kòm reyaksyon parapò ak pwoblèm ki nan yon sosyete. *Katrevenkenz Tèz* yo, *Rapò Sadler* a, ak *Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun Nasyonzini* yo te pibliye yon fason pou atire atansyon sou pwoblèm sosyete a epi pote chanjman. Gen kèk nan tèks ekri sa yo ki te enfliyanse chanjman alontèm alòske gen lòt yo te pote chanjman tou piti.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi *de (2)* tèks ekri ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri sikonstans istorik ki te mennen nan tèks ki ekri a
- Eksplike objektif prensipal tèks sa
- Diskite fason tèks ekri sa a te pote chanjman

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanj ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

REGENTS EXAM IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY HAITIAN CREOLE EDITION

Enprime sou Papye Resikle

REGENTS EXAM IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY HAITIAN CREOLE EDITION